



Pou Piblikasyon Imedya: 12/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**PANDAN NOUVO SESYON ENFÒMASYON SOU KOWONAVIRIS LA, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO RÈGLEMAN SOU RASANBLEMAN AN MAS YO**

***Evènman ki gen 500 oswa plis moun nan asistans lan ap anile oswa ranvwaye***

***Yo pral egzije nenpòt rasanbleman anba 500 moun nan asistans lan pou redwi kapasite a nan 50 pousan***

***Nouvo limit ak vizit nan kay retrèt yo - Yo pral pèmèt sèlman vizit ki nesèsè medikalman yo pou pwoteje moun ki pi vilnerab yo***

***Premye kanpay piblik-atravè etablisman tès yo sou kòt lès la, ki sitiye nan New Rochelle, pral kòmanse teste demen***

***Li konfime 109 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout Eta a ak 325; nouvo ka nan 14 Konte***

Pandan yon sesyon enfòmasyon sou nouvo kowonaviris la, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Eta a pral mete limit sou rasanbleman an mas yo, li pase enstriksyon pou evènman ki gen 500 oswa plis moun nan asistans lan ap anile oswa ranvwaye. Ekspè sante piblik yo dakò ke rasanbleman an mas avèk moun ki ap fè kontak sere kontini se yon pozisyon kote nouvo kowonaviris la kapab fasilman enfekte anpil moun vit epi kontinye pwopagasyon li a. Konsa, yo pral egzije evènman yo, rasanbleman yo, oswa pozisyon biznis yo avèk mwens pase 500 moun nan asistans lan redwi kapasite yo nan 50 pousan, avèk eksepsyon pou espas yo kote moun pa fè kontak sere kontini, tankou lekòl yo, lopital yo, bilding piblik yo, transpò an mas, magazen manje yo ak magazen detay yo. Nouvo règleman sa yo pral antre an vigè vandredi 13 mas a 5pm, avèk eksepsyon Teyat Broadway (Broadway Theaters) kote limit yo pral antre an vigè aswè a 5pm.

Nan yon efò pou pwoteje Nouyòkè yo ki pi vilnerab yo, Gouvènè Cuomo te anonse tou ke yo pral pèmèt sèlman vizit ki nesèsè medikalman yo nan kay retrèt yo. Politik sa a pral antre an vigè vandredi a 5pm. Eta a ap mande tou kay retrèt yo pou etabli mwayen skype oswa lòt kapasite kominikasyon anliy yo dekwa pou fanmi yo kapab vizite adistans moun pwòch yo a. Anplis de sa, Eta a pral egzije egzamen yo pou tout travayè kay retrèt yo chak jou lè yo antre nan yon etablisman ak egzije yo pote mask chirijikal pou pwoteje kont tout potansyèl pwogasyon asentomatik.

Pou ogmante kapasite tès yo, Eta a ap fè kontra avèk BioReference Laboratories (Laboratwa BioReference yo) pou fè 5,000 tès anplis pa jou anplis de sa Eta a ap fè

deja a. 5,000 tès anplis sa yo pa jou pral vini anliy semèn pwochèn lan. Kapasite tès anplis sa a se anplis 28 laboratwa prive yo ke Gouvènè a te anonse ki ap fè patenarya avèk Eta a nan jou ak semèn ki ap vini yo. Anplis de sa, Gouvènè a te anonse premye kanpay piblik-atravè etablisman tès yo sou kòt lès la pral kòmanse teste moun demen nan New Rochelle. Tès yo pral fèt sou randevou. Abitan New Rochelle yo ke yo te mete an karantèn yo pral teste avan.

Finalman, Gouvènè a te konfime 109 ka Coronavirus anplis, sa ki bay yon total 325 ka konfime nan Eta New York. Nan total 325 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jwografik yo se konsa:

Konte Albany: 1 (1 nouvo ka)  
Konte Broome: 1 (1 nouvo ka)  
Konte Delaware: 1 (1 nouvo ka)  
Konte Dutchess: 1 (1 nouvo ka)  
Konte Herkimer: 1 (1 nouvo ka)  
Konte Monroe: 1 (1 nouvo ka)  
Konte Nassau: 41 (13 nouvo ka)  
Vil New York: 95 (43 nouvo ka)  
Konte Orange: 1 (1 nouvo ka)  
Konte Rockland: 7 (1 nouvo ka)  
Konte Saratoga: 3 (1 nouvo ka)  
Konte Suffolk: 20 (14 nouvo ka)  
Konte Ulster: 4 (3 nouvo ka)  
Konte Westchester: 148 (27 nouvo ka)

"Pwopagasyon kowonaviris la pa pral sispann pou kont li, epi nou konnen ke rasanbleman an mas yo se pwen cho yo pou viris la enfekte gwo kantite moun rapidman", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Pou ede kontni li, nou ap mete limit yo sou gwo evènman yo ansanm ak nouvo mezi pou ede pwoteje popilasyon ki pi vilnerab nou yo — gen ladan moun ki nan kay retrèt yo — epi prepare sistèm swen sante nou an pou li kapab fè fas ak nenpòt pwoblèm kapasite yo alavni. Pandan kontèks la se kle epi anksyete ap depase reyalite yo sou sityasyon sa a, nou pral kontinye pran mezi agresif pou pwoteje sante piblik ak prepare pou nenpòt pwopagasyon viris sa a".

"Prensipal priyorite nou se pwoteje sante piblik la epi chak mezi Gouvènè a ak Eta New York te pran jiska prezan se te pou fè avanse objektif sa a", **Komisyonè Depatman Sante Eta a, Doktè Howard Zucker, te deklare**, "Ekspè sant piblik yo te klè ke limite gwo rasanbleman piblik yo kote genyen potansyèl pou kontak sere se yon fason enpòtan pou ralanti pwopagasyon viris sa a. Règleman sa a pral ede kenbe moun yo an sante ak an sekirite".

Gouvènè a te anonse tou ke Eta a ap pran mezi pou kreye yon rezèv mendèv pwofesyonèl swen sante sizoka gen yon mank pèsònèl epi li idantifye etablisman Eta a ki kapab itilize kòm lopital tanporè yo. Eta a ap mande ansyen doktè yo, enfimiyè yo ak lòt pwofesyonèl swen sante yo pou rekonekte avèk ansyen anplwayè yo a epi ofri pou travay sou yon baz pa apèl nan ka yo ki gen yon mank pèsònèl. Eta a ap idantifye tou medsen Gad Nasyonal yo pou pèsònèl rezèv epi li ap fè kontra ak lekòl medikal yo pou idantifye pwofesyonèl swen sante yo pou rezèv posib. Anplis de sa, Depatman Sante

(Department of Health, DOH) ap akselere règleman yo pou jwenn plis pèsònèl swen sante fòmè dekwa pou yo kapab travay nan lòt zòn yo.

Pou tout lekòl yo nan kominote yo ki gen pi gwo to ka pozitif yo, Eta a pral pran mezi pwoaktif pou enpleman pwotokòl yo ki limite kontak an mas yo. Jodi a Gouvènè a te anonse SUNY Albany pral anile kou an pèsòn yo pou rès semès la apati demen apre yo te konfime yon ka pozitif jodi a.

Anplis de sa, nenpòt biznis ki pa kapab akomode nòm netwayaj rigoure yo ta dwe kontakte Empire State Development nan (212) 803-3100 pou yon òdonans pou fèmen.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)